

Si w ansent, oswa ou konnen yon moun ki ansent, epi ki dezespere: **Gen èd ki disponib.** Yon gwosès ou pat vle ki te rive ka yon gwo tèt chaje. Ou ka santi w wont epi ou ka pè. Lè w gen laperèz epi ou pa konnen sa pou fè... ou ka santi w poukont ou, men se pa vre. Gen moun ki sousye yo anpil de oumenm ki vle ede w. Tanpri pa tann jiskake pitit lan fèt pou chèche èd. Grasa liy èd Safe Haven lan ki konfidansyèl ou ka jwenn èd ou bezwen an.

oumenm ak tibebe w lan merite yon chans

Kisa lwa eta Florid lan yo rele Safe Baby (Tibebe Ansekirite) an ye?

Lalwa Florid deklare yon paran (manman oswa papa) ki fè yon timoun ka kite timoun lan—ki apeprè gen twa jou depi l fèt oswa mwens pase sa depi timoun lan pa sanble yo te abize oswa neglije l—nan men pèsònèl yon estasyon ponpye, yon estasyon anbilans oswa nan yon lopital. Paran an ka fè sa san l pa bezwen bay non l e san l pa bezwen pè pou yo arete l oswa akize l ak abandon depi timoun lan pa sanble yo te abize l oswa neglije l.

Kisa ki yon Safe Baby Station (Estasyon Kote Tibebe Ansekirite)?

Anpil lopital ak estasyon ponpye, ikonpri estasyon anbilans, gen yon siy ki idantifye bilding yo a kòm yon Estasyon Kote Tibebe Ansekirite. Pèsònèl etablisman sa yo prè pou akeyi tibebe w lan.

Men, ou ka kite tibebe w lan nan nenpòt sal dijans yon lopital, estasyon ponpye, oswa estasyon anbilans – nan men yon manm pèsònèl la. Fè yo konnen w ap kite tibebe an nan yon Safe Haven.

Kisa yo pral mande m konsa?

Yo ka mande w kèk kesyon sou antesedan medikal ou pou yo ka enkli enfòmasyon sa a nan dosye tibebe w lan pouka ede yo reponn kèk kesyon alavni. Se PA pou yo ka chèche konnen kote w ye alavni.

Pèsònèl lan ka baw kèk enfòmasyon tou sou kèk liy pou èd ak referans pou kèk sèvis.

Kisa ki pral rive tibebe m lan?

Si w kite tibebe w lan nan yon estasyon ponpye oswa yon estasyon anbilans, yo pral bay tibebe an kèk swen medikal inisyal epi transpòte li nan lopital ki pi pre a. Lopital la pral egzamine tibebe a epi ba li swen medikal li ta ka bezwen. Aprè sa yo pral kontakte yon ajans lokal ki otorize pou plasman tibebe a.

E si m gen kesyon oswa m bezwen èd?

Si w gen nenpòt kesyon sou lwa a epi ou bezwen èd, tanpri rele 1-877-767-2229. Sa se yon liy telefòn gratis ki konfidansyèl, ki disponib 24 sou 24 epi se volontè A Safe Haven for Newborns ki opere l. W ap jwenn asistans an anglè, panyòl ak kreyòl. Pou plis enfòmasyon, ou ka ale sou sit entènèt tou nan www.asafehaven-fornewborns.com.

Volontè yo nan liy pou èd sa a pral kapab baw tou enfòmasyon sou ki kote lopital yo ye, estasyon ponpye ak estasyon anbilans yo ye nan tout eta a epi sou ki kote pou resevwa swen prenatal, gid, swen medikal ak yon varyete òganizasyon ki ka itil ou.

Bon e si m vin chanje lide?

Si bagay yo chanje epi ou santi ou ka pran swen tibebe w lan, ou ka al pran tibebe w lan anvan jij lan tèmine dwa w kòm yon paran. Pou jwenn asistans, ou pral bezwen rele tribinal nan kominote kote w te kite tibebe w lan oswa rele 1-877-767-2229 epi volontè ki nan liy pou èd 24 sou 24 sa a pral kapab baw nimewo telefòn ak adrès tribinal nan kominote kote w te kite tibebe w lan.